Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РЕСТДЗИНАД

№ 122 (25608)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 12 июл — сусæны мæйы 12 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫМÆЦТÆ
Статистикæйы бæрæггæнæнтæ

3 НÆ УДЫ ФАРН
“Сырдоны дур”

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Уæззау атлетикæ

Кусæг фембæлд

Цæгат Ирыстоны электрон хызæгты нывылады проекттæ

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН фембæлд уыд компани ”С-ПЛЮС”-ы (у концерн ”Росэнергоатом”-ы дæлхайад) минæвæрттимæ. Ныхасы архайджытæ се ’ргом аздæхтой регионы электрон хызæгты дарддæры рацарæзт æмæ нывылдзинады фарстатæм.

Зындгонд куыд у, афтæмæй амынд нысанты сæраппонд РЦИ-Аланийы Хицауад æмæ компани "С-ПЛЮС" æрæджы бафыстой æмгуыстады бадзырд. Æмæ ныр республикæ æмæ компанийы минæвæрттæ бæстон æрдзырдтой иумæйаг архайды пълантæ царды рауадзынын.

"С-ПЛЮС"-ы генералон директор **Дмитрий Мартынов** куыд радзырдта, афтæмæй компанийы минæвæрттæ бадзырды бындурыл бацæттæ кодтой цалдæр куыстадон проекты. Зæгъæм, ацы азы кæронмæ æххæстгонд æрцæудзæн Мæздæджы районы электрон хызæгты автоматизацийы программæ (уымæн нысангонд цæуы 500 милуан сомы бæрц).

Дарддæр фембæлды архайджытæ æркастысты республикæйы электрон хызæгты исбонад бабиноныг кæнын æмæ дзы хæдзардзинадæрæй пайда кæныныл. Уымæ, сæрмагонд ныхас рауад, ацы къабазы иумæйаг республикон оператор снысан кæныны хъæппæрис хъуыддагыл куыд сахаддзæн, ууыл дæр. Боны фæтки уыд æндæр фарстатæ дæр.

Зæгъын хъæуы, энергетикон фæрæзты фæстауæрц æмæ сæ ахадгæдæр хуызы пайда кæныны хъуыддаджы компани "С-ПЛЮС" æппæты раззагдæр технологитæй кæй æнцой кусы, уый дæр.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Хатдзæгтæ

Бюджеты æфтиæгтæ æмæ хæрдзтæ

2021 азы Цæгат Ирыстоны республикон бюджеты æфтиæгтæ рауадысты 45,7 миллиард сомæй фылдæр.

Ахæм нымæцтæ, ивгъуыд азы бюджет æххæст кæныны фæдыл куыстæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, фехъусын кодта республикæйы финансты министры фыццаг хæдивæг **Оксанæ Карова.**

Министры хæдивæджы ныхасмæ гæсгæ, фароны бюджеты хæрдзтæ та уыдысты 44,8 миллиард сомы бæрц. Афтæмæй республикон бюджеты профициты бæрц рауад 932 милуан сомы.

Æмткæй райсгæйæ, 2021 азы республикон бюджетмæ федералон дотацитæ æмæ æндæр финансон æххуысы хуызы æрбафтыд 30,5 миллиард сомы (уыдонæй комкоммæ дотациты бæрц уыд 12,3 миллиард сомы). Оксанæ Карова куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй дзуаппон рæстæг республикон бюджетмæ хъалонтæ æмæ гуырæнтæй æрбафтыд 15,1 миллиард сомы бæрц (пълапон нысантæн уый уыд йæ 104,3 проценты).

Нæ уацхæссæг

Пресс-конференци

Доны фарста — паддзахады къухты

”Коммуналон хæдзарад æмæ энергетикæйы къабазы архайд афтæ саразын хъæуы, цæмæй 2025 азмæ федералон бюджеты æххуысæй уыцы кусæндæттæ экономикон æгъдауæй фидардæр уой. Тарифон политикæ афтæ скæнын, цæмæй, коммуналон læггæдтæй чи пайда кæны, уыдоны хæрдзтæ ма фылдæр кæной. Тарифты республикон службæ сфидар кæндзæн иухуызон фиддонтæ æппæт цæрджытæн дæр”.

Ахæм хъуыдытæ республикæйы журналисттимæ фембæлды рæстæг загъта РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн.**

Йæ ныхасмæ гæсгæ, коммуналон къабазы уавæр къуырцдзæвæнмæ рагæй бацыд. Цы ифтонггарз дзы ис, уый базæронд, хъалонты хæстæ тынг сбирæ сты, регионæн йæхи бон нæ бауыдзæн уыцы егъау системæ афтæ сног кæнын, цæмæй адæмæн хæрзхæд лæггæдтæ кæнæм. Ахæм хæс нæ размæ æвæры нæ бæстæйы Президент дæр. Уæрæсейы Экономикон райрæзты министрады арæзт æрцыд проектон офис. Уыдоны цæстдардæй цæуы Цæгат Ирыстоны донуадзыны системæйы инвентаризаци.

— Нæ республикæйы Сæргълæууæджы хъæппæрисæй, 2021 азы июлы Пятигорскы цы стыр æмбырд уыдис, уым нæ республикæйы фарстатæ рæгъмæ рахастам, — зæгъы Майрæн. — Афтæмæй уынаффæ хаст æрцыд, цæмæй Уæрæсейы Хуссайраг хайы æртæ республикæйы — Дагестаны, Мæхъæлы æмæ Цæгат Ирыстоны — ног проект царды рауадзой. Ænæмæнгæй, уыцы ногдзинад регионты экономикон райрæзтæн пайда уыдзæн . Уыцы хъуыддагæн Уæрæсейы бюджеты æвæрд æрцыд 7,5 миллиард сомы. Нæ республикæйы доны фарстатæн дзуапп чи лæвæрдта, уыцы 23 куыстуатæн сæ архайд къуырцдзæвæнмæ æрцыд. Ног закъонмæ гæсгæ доны фарста комкоммæ уыдзæн республикæйы разамынды бæрны. Дæсны специалисттæ сæ куыст дарддæр кæндзысты, æрмæст иумæйаг хъарутæй. Хъыгагæн, бирæ рæтты дон æмбырдгæнæнтæ хъахъхъæд дæр нæ цæуынц, куыстуæтты нæй хъæугæ техникæ. Советон рæстæг цы системæ уыд, уымæ гæсгæ нæ хъарутæ баиу кæндзыстæм. Арæзт æрцыд Паддзахадон унитарон куыстуат "Донæй æфсадын æмæ донуадзыны республикон кусæндон. Йæ сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг у коммуналон хæдзарады фæлтæрдджын специалист Хохойты Валик.

Проектмæ гæсгæ фæкæсинаг бинонтæ, хъæугæ гæххæттытæ бацæттæгæнгæйæ, исдзысты субсидитæ Ахæм адæмæн Ирыстоны сæ нымæц у 93 мин адæймаджы бæрц.

— Паддзахадон æххуыс куы райса республикæ, уæд кусдзысты аварион æмæ диспетчерон службætæ. Нуазыны донæн йæ гуырæнтæ æхгæд æмæ хъахъхъæд уыдзысты, сæрмагонд лабораторитæ йын йæ хæрзхъæддзинад бæрæг кæндзысты, нымайæн, информацион центртæ цæстуынгæ куыст кæндзысты, — журналисттæ фарстытæн дзуаппытæ дæтгæйæ, загъта министр æмæ фæсидтис адæммæ, цæмæй хæдзардзин цæстæй ракæсой æмæ дзæгъæл хардз ма кæной дон, хъалонтæ афойнадыл чи фиды, уыдоны бафæзмой. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ацы системæйæ ныридæгæн пайда кæнынц цалдæр регионы, зæгъæм, Стъараполы край. Фиддонты тыххæй дзургæйæ, министр зæрдæ бавæрдта, ома, куы схизой, уæддæр хæрзгыццыл.

Хицæнæй Таматы Майрæн фæсидтис адæммæ, цæмæй, Интернеты тыгъдады цы æнæбындур ныхæстæ цæуы, уыдонмæ ма хъусой. Ирыстоны хъæздыгдзинад йæ дæттæ сты, æмæ дзы хъуамæ алы хæдзары дæр парахатæй пайда кæной. Уыл куыст цæуы æрвылбон.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Нысантæ

Боны фæткы — РЦИ-Аланийы дарддæры социалон-экономикон райрæзт

Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн УФ-йы Экономикон рæзты министрады департаменты директор Камил БЕКСУЛТАНОВИМÆ цы кусæг фембæлд уыд, уым ныхас цыд Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзты нысантыл.

Видеоконференцийы бастдзинады фæрцы фембæлды архайдтой федералон æмæ регионалон бæрнон министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæ.

Дзанайты Барис йæ раныхасы куыд фæнысан кодта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны ныртæккæ куыст цæуы регионы дарддæры райрæзты мадзæлтты сæрмагонд пъланыл. Уыцы программæмæ хаст æрцыдысты æнæниздзинад хъахъхъæнынады, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, ахуырады, культурæйы, спорты, социалон хъахъхъæнынад æмæ иннæ къабæзты ахсджиаг объектты цалцæг æмæ арæзтад (уымæ, амынд пъланы мадзæлттыл куыст цæуы республикæйы æппæт муниципалитетты дæр).

Фембæлды архайджытæ сæрмагонд æргом аздæхтой Беслæны дарддæры райрæзты генералон пълан æххæст кæнынмæ. Куыд загъдæуыд, афтæмæй уал ныридæгæн арæзт æрцыдысты 120-бынатон рæвдауæндон, æвзонг техниктæ æмæ натуралистты станцæтæ, дарддæр куыст цæуы мемориалон-патриотон комплексы рацарæзтыл. Уымæй уæлдай, подрядчиктæ кусынц стадион "Пищевик"-ы рацарæзтыл, стæй сывæллæтты музыкалон скъолайы арæзтадыл. Цалцæггæнæг бригадæтæ бавнæлдтой коммуналон инфраструктурæйы объектты модернизацимæ дæр.

Æмбырды архайджытæ генералон пъланы æппæт уагæвæрдтыл дæр бæстон æрдзырдтой æмæ фæбæрæг кодтой нысангонд объектты цæттæдзинады æмгъуыдтæм.

Дарддæр фембæлды ныхас рауад Мæздæджы æмæ Горæтгæрон районты социалон-экономикон рæзты программæтыл. Ацы муниципалитетты дарддæры райрæзтæн ахъаз суыдзысты, республикон ведомствæтæ федералон профилон министрадтимæ цы 46 фыццаградон проекты (сæ иумæйаг аргъ у 6,3 миллиард сомы бæрц) равзæрстой, уыдон.

— Регионы социалон-экономикон райрæзты сæраппонд республикæ цы проекттыл кусы, уыдоны фæдыл æппæт цæттæгæнæн-организацион мадзæлттæ дæр æмбæлгæ уагыл сарæзтам. Ныртæккæ та сæйрагдæр у, цæмæй нысангонд æмгъуыдтæм æххæстгонд æрцæуой. Уæд Цæгат Ирыстон фæхъомысджындæр уыдзæн ногарæзт æмæ цалцæггонд дæсгай ахсджиаг социалон объекттæй. Уыцы нысантыл кусгæйæ, махæн ахсджиаг у Уæрæсейы Экономикон рæзты министрад æмæ иннæ федералон ведомствæты æххуыс, — хатдзæгтæ кæнгæйæ, бафиппайдта Дзанайты Барис.

Фембæлды архайджытæ сæрмагондæй æрдзырдтой, ивгъуыд азы августы Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** цы фембæлд уыд, уый фæстæ республикæйы дарддæры райрæзты фарстаты фæдыл федералон ведомствæтæн цы амынддзинæдтæ лæвæрд æрцыд, уыдон царды уадзынын дæр.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Гæрзифтонг тыхтæ

Æрсидтонты арвыстой Псковмæ

Цæгат Ирыстоны сидтонты арвыстой Псковы уæлдæфон-десантон дивизимæ службæ кæнынмæ. Фæсивæдæн загътой зæрдылдарæн ныхæстæ, уый фæстæ сын æртæ чъирийæ скуывтой.

Намысы аллейæйы, Уæлдæфон-десантон æфсады раздæры командæгæнæг Василий Маргеловы цырты раз сæмбырд кодтой Ирыстоны æрсидтонты. Ам сын арфæ ракодтой фæлтæрдджын æфсæддонтæ, се ’хсæн Терчыфалейы районы ветеранты советы сæрдар **Золойты Игор.**

— Сымах цæуут дард бацы. Уым уæхи хъуамæ уæздан æмæ хъæбатырæй равдисат. Ирыстон æмæ уæ фыдæлты хорз ном ма фæчъизи кæнут. Кæдæм цæут, уым уыдзæн æндæр инæлæрттæ æмæ командæгæнджытæ, мах уыдонæй хъуамæ хъусæм æрмæст бузныджы ныхæстæ æмæ сымахæй уæм сæрыстыр. Уастырджи уæ йæ рахиз базыры бын дарæд, æмæ сæрæгасæй уæ хæдзæрттæм куыд сыздæхат, ахæм амонд уын Иунæг Кадджын

Хуыцау радтæд. Рæствæндаг ут, мæ хæлæрттæ. Ма фегад кæнут нæ фыдæлты кад, — загъта Золойты Игор.

Хистæртæ зæрдиагæй ракуывтой сидтонтæн æмæ бæгæныйы кадджын къус балæвæрдтой кæстæртæм. Уый фæстæ Василий Маргеловы цыртыл сæвæрдтой дидинджытæ.

Æфсæддон фæндаг цы æрыгæттæ равзæрстой, уыдон сты хъæбатырдзинадæй хайджын, хъуыды кæнынц Фыдыбæстæйы фидæныл, лæггад ын кæнынц. Псковы дивизийы сæхи куыд равдисой, уымæй хатдзæгтæ кæндзысты ирон адæмы тыххæй.

ГОБОЗТЫ Агуындæ

Газетфыссынад

“Рæстдзинад” — 2022 азы дыккаг æмбисæн



Зындгонд куыд у, афтæмæй 2022 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампанийы сæйраг æмгъуыд июны кæрон ахицæн. Иннæ хæттытау ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет.

Фæлæ “Уæрæсейы пост”-ы уынаффæйæ “Рæстдзинад” рафыссæн ис ацы мæйы æмбисмæ дæр (æрмæст æй газеткæсæг исын райдайдзæн 1 августæй фæстæмæ). 2022 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1249 сомы æмæ 38 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1021 сомы æмæ 50 капеккæй.

Уымæй уæлдай, газет рафыссæн ис мыхуырон фæрæзтæ уæйгæнæн киосктæм дæр. Уыцы киосктæ “Ног бон” æрбынæттон сты Дзæуджыхъæуы: Мæскуыйаг уынг, 21 æмæ Марковы уынг, 20”а“ номырты. Уыимæ, уыцы киосктæм газет рафыссыны аргъ у дæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!

Редакци

Дзырды фарн

... бирæтæн сæ зонд вæййы сæ мондæгтæн нывонд.

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **12 июлы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **25-30 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **25-27 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,02

Хурыскаст — 04,34
Хурныгуылд — 19,36

Валютæйы аргъ

Доллар — 61,23 ↑
Евро — 61,83 ↓

12+

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы социалон-экономикон уавæр 2022 азы январ-мартъийы

	2022 азы январы-мартъийы	2021 азы январы-мартъийы процентты нымайгæйæ	Уæрæсейы Федерацийы бæрæггæнæнтæ: 2022 азы январы-мартъийы, процентты нымайгæйæ, 2021 азы январы-мартъийы
Промышленнон куыстады бæрц	X	113,8	105,9
"Арæзтад"-ы архайды хуызты æххæстгонд куыстыты гуырахст, милуангай сомтæ	3448,1	121,5	104,5
Инвестицитæ бындурон капиталмæ, милуангай сомтæ	3981,0	124,4	112,8
Хъæууонхæдзарадон продукци, милуангай сомтæ	4079,3	103,7	101,9
Автомобилон транспорты уæзæгты зилдух, мингай тоннæ-километртæ	2128,8	128,4	103,1
Розницæйы базарады зилдух, милуангай сомтæ	34360,5	104,7	103,6
Æхцайы æцæг æфтиæгтæ	X	96,6	98,8
Фæллойы æцæг мызд	X	97,4	103,1
Рæстæджы кæронмæ официалон уагæй хыгъд æрцæуæг æгуыст адæмы нымæц, адæймæгтæ	4143	25,2	31,6
Товартæ æмæ лæггæдты фæлхасадон æргъты бæрц	X	111,8	111,5

1) Архайды хуызтæ "Къахгæ æрдзон хæзнаты амалкæнынад", "Хомагкусæг куыстадтæ", "Электрон тыхæй, газ æмæ донытæфæй ифтонгад; уæлдæф кондиционерæй рауагъд", "Донæй ифтонгад, донуагъд, æппарæццæгтæ æмбырд кæнынæн æмæ сæ бафснайынæн фадæтты арæзтад, чъизидзинæдтæ иуварс кæнына фæдыл архайд"-мæ гæсгæ.
2) Бæлвырдгонд бæрæггæнæнтæ. 3) Æргътæм гæсгæ 4) "Роструд"-ы бæрæггæнæнтæм гæсгæ.

Фæлхасадон базар

Розницæйы базарады зилдух 2022 азы фыццаг квартала рауад 34360,5 милуан сомы, æмæ ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, ныхмæвæрд æргътæй сырæзт 4,7 проценты.

Фæлхасадон организациты æмæ хисæрмагонд амалхъомты розницæйы базарады зилдух 2022 азы фыццаг квартала слæууыд 26134,3 милуан сомы. Уый 2021 азы ацы рæстæджы æмвæзадæй у 5,9 проценты. Фæлхасадон организациты æмæ хисæрмагонд амалхъомты хай розницæйы базарады зилдух рауад 76,1 проценты (2021 азы фыццаг квартæлы уыдис 75,1 проценты.

Розницæйы базарты æмæ армукъаты товартæ уæйгонд æрцыд 8226,2 милуан сомы аргъ. Уый ивгъуыд азы ацы рæстæджды æмвæзадæй у 1,0 проценты уæлдæр.

Розницæйы базарады зилудухы бындуры 2022 азы фыццæгæм квартала хойраджы продуктты хайон уæз, нуазинæгтæ æмæ ма сæм тамако бафтаугæйæ, рауад 51,8 проценты, æнæхойраджы товарты — 48,2 проценты (2021 азы фыццаг квартала — 50,4 проценты æмæ 49,6 проценты).

Хойраджы товартæ, нуазинæгтæ æмæ ма сæм тамако бафтаугæйæ, 2022 азы фыццæгæм квартала цæрджытæн уæйгонд æрцыд 17803,3 милуан сомы аргъ, æнæхойраджы товартæ 16557,2 милуан сомы аргъ. Товарон бæрцы уый ивгъуыд азы æмвæзадмæ рауад 105,0 проценты æмæ 104,4 проценты.

2022 азы фыццаг квартала карз нуазинæгтæ æмæ бæгæны уæйгонд æрцыд 462,6 сомы аргъ. Уый ныхмæвæрд æргътæй 2,8 проценты фылдæр у 2021 азы фыццаг кварталæй. Карз нуазинæгтæ уæй кæныны хайон уæз розницæйы базарады зилдухы рауад 1,3 проценты (2021 азы фыццаг квартала — 1,4 проценты.

2022 азы мартъийы кæронмæ розницæйы базарады организациты фæстауæрцгонд товарты гуырахст рауад 5162,3 милуан сомы, фæстауæрцгонд товарты æмвæзад 60 боны. Æхсæнадон хæлцады зилдух 2022 азы фыццæгæм квартала рауад 1396,2 милуан сомы кæнæ 111,4 проценты (ныхмæвæрд æргътæй) ивгъуыд азы æмвæзадмæ.

Арæзтад

2022 азы январы-мартъийы, рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, экономикæйы æмæ социалон къабазы рæстæн исбонады æппæт хуызты куыстуæттæ æмæ организацитæ бындурон капиталмæ ныры æргътæм гæсгæ инвестицитæй спайда кодтой 3981 милуан сомæй. Уый ныхмæвæрд аргъгондæй 2021 азы январы-мартъийы æмвæзадæй у 24,4 проценты фылдæр.

"Арæзтад"-ы экономикон архайды хуызты куыстыты гуырахст организациты æххæст зилдухы 2022 азы январы-мартъийы рауад 3448,1 милуан сомы. Уый ныхмæвæрд æргътæй, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, у 121,5 проценты. 2022 азы январы-мартъийы арæзт æрцыд, сæ иумæйаг фæзуат 92,4 мин квадратон метры кæмæн у, ахæм 882 фатеры кæнæ 136,1 проценты 2021 азы ацы рæстæгмæ, (дыргъдарыны куыст кæнынæн лæвæрд зæххы хæйттыл арæзт цæрæн хæдзæрттæ дæр хынцгæйæ), кæнæ 2021 азы ацы рæстæгмæ 136,1 проценты.

Хицæн адæймæгтæ кæй сарæзтой, уыцы цæрæнуæтты хай æппæт цæрæнуæтты гуырахсты рауад 69,7 проценты (иумæйаг фæзуатæй 64,4 мин квадратон метры кæнæ 2,7 хатты фылдæр 2021 азы ацы рæстæгæй).

2022 азы январы — мартъийы арæзт æрцыдысты: хъомвосы скъæттæ 0,15 мин бынатæн; уыцы-иу рæстæг 0,56 мин тоннæйы холлæгтæ æфснайæн; базарадон куыстуæттæ 5,9 мин квадратон метры; рог автомобилтæн техникон лæггæдтæ кæныны иу станцæ; иумæйагтоварон скълæдтæ 2,4 мин квадратон метры; бастдзинады радиорелейнон линитæ 93 километры.

Уымæй уæлдай, республикæйы арæзт æрцыдысты: ахуырадон организацитæ 550 бынатæн, клубы хуызæн культурæйы кусæндæттæ хъæуты 204 бынатæн; амбулаторон — поликлиникон организацитæ иу рады 40 æрбацыдæн.

Фæллойы базар

Республикæйы куыстуæттæ æмæ организациты рæстæмбис номхыгъдон нымæц (æххæст зилдухы) 2022 азы январы-мартъийы рауад 114,5 мин адæймаджы, æмæ, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, фæныллæгдæр 2,4 проценты.

РЦИ-Аланийы Адæмæн куыст дæттыны комитеты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2022 азы мартъийы кæронмæ куыстагурæг граждæнты, хыгъды чи лæууы æмæ фæллойадон архайдыл хæст чи нæу, уыдоны иумæйаг нымæц рауад 4,6 мин адæймаджы. Адонæй 4,1 мин адæймагмæ уыдис æгуысты официалон статус. Уый 4,0 хатты къаддæр у афæдз фæстæдæрæй.

2022 азы мартъийы кæронмæ æгуыст адæмы æмæ пособи чи исы, уыдоны нымæц, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, фæкъаддæр 38,8 проценты æмæ рауад 2,4 мин адæймаджы.

Куыстуæттæ æмæ организацитæ 2022 азы мартъийы кæронмæ цас кусджытæ сæ хъæуы, уый тыххæй цы бæрæггæнæнтæ радтой, уыдон сты 1586 адæймаджы, ныхмæ 1721 адæймаджы ивгъуыд азы ацы рæстæгмæ.

Транспорт

Уæзæгтæ æмæ бæлццæттæ ласын

Экономикон архайды æппæт хуызты организациты автомобилон транспортыл ласт уæзæгты гуырахст 2022 азы январы — мартъийы рауад 63,4 мин тоннæйы. Уый 2021 азы январы — сентябрæй у 23,3 проценты фылдæр. Уæзæгты зилдух ацы рæстæгмæ фæфылдæр 28,4 проценты.

Куыстуæтты æмæ физикон адæймæгты автомобилон транспортыл 2022 азы январы-мартъийы ласт æрцыд 7,5 милуан бæлццоны. Уый ивгъуыд азы æмвæзадæй у 10,3 проценты къаддæр, бæлццæтты зилдух ацы рæстæгмæ фæкъаддæр 1,6 проценты.

Æргътæ

Республикæйы æфсисады базарады товартæ æмæ лæггæдты æргътæ æмæ тарифтæ 2022 азы фыццаг квартала ивгъуыд азы декабрмæ сырæзыдысты 9,3 проценты (Уæрæсейы — 10 проценты), уыимæ хойраджы товарты — 9,4 проценты (Уæрæсейы — 10 проценты), æнæхойраджы товарты — 12,6 проценты (Уæрæсейы — 12,9 проценты), лæггæдты — 3,3 проценты (Уæрæсейы — 6 проценты).

Промышленнон товарты бæрц 2022 азы фыццæгæм квартала рауад 102,4 проценты. Уыимæ, пайдайаг къахинæгтæ амал кæныны — 100,6 проценты, хомаггуыстгæнæг куыстуæтты — 104,1 проценты, электрон тыхæй, газ æмæ доны тæфæй æфсадыны; уымæл æмæ сыгъдæг уæлдæф цæттæ кæныны — 100,8 проценты.

Хъæууонхæдзарадон продукцийы æргъты бæрц 2022 азы фыццаг квартала рауад 96,3 проценты. Уыимæ, зайæгойты продукци фæасламдæр 4,4 проценты, фосдарынады продукци фæзынаргъдæр 6,3 проценты.

Инвестицион нысаниуæджы иумæйаг æргъты бæрц (хæрдзтæ, лæггæдтæ) рауадысты 106,8 проценты. Уыимæ, арæзтадон продукцийы æргъты бæрц — 101,1 проценты, инвестицион нысаниуæджы машинæтæ æмæ кусæнгæрзтæ æлхæныны бæрц — 117,9 проценты, æндæр алыхуызон продукцийы (хæрдзтæ, лæггæдтæ — 107 проценты.

2022 азы мартъийы кæрон хойраджы продукцийы æппæты къаддæры бæрц рауад 5508,65 сомы, мæйыл нымайгæйæ, æмæ, февралы кæронимæ абаргæйæ, сырæзыд 8,7 проценты, афæдзы райдайæнæй — 9,9 проценты.

Демографион уавæр

Ацы аз 3 мæймæ республикæйы цæрджыты нымæц фæныллæгдæр 1566 адæймаджы. 2022 азы фыццаг квартала хыгъд æрцыд 1835 ноггуырды. Уый 2021 азы фыццаг кварталæй у 2,7 проценты къаддæр. Чи амард, уыдоны нымæц фæфылдæр 8,0 проценты æмæ сты 2694 адæймаджы. Цæрджыты æрдзон ацыд рауад 859 адæймаджы (2021 азы фыццаг квартала — 609 адæймаджы).

2022 азы 3 мæймæ республикæйы фидаргонд æрцыд 594 къайады, хæлд — 684 къайады. Фидаргонд къайæдты нымæц, 2021 азы фыццаг кварталимæ абаргæйæ, фæкъаддæр 12,9 проценты, хæлд къайæдты нымæц сырæзыд 36,3 проценты.

Республикæйы цæрджыты миграцион ацыд 2022 азы фыццаг квартала рауад 707 адæймаджы, ныхмæ 954 адæймаджы 2021 азы ацы рæстæгмæ. Цæрджыты миграцион ацыд баст у цæрджыты ацыдимæ, куыд Уæрæсейы Федерацийы æндæр регионтæм, афтæ фæсарæйнаг бæстæтæм дæр.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады миграцион фарстаты управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, республикæйы 2022 азы 1 апрелмæ хыгъд æрцыд 165 лыгъд æмæ æнæбары ралидзæджы (2021 азы 1 апрелмæ уыдоны нымæц уыдис 1198 адæймаджы. Æппæты фылдæр адонæй æрбафтыд Гуырдзыстонæй — 144 адæймаджы (87,3 проценты æмæ Таджикистанæй — 11 адæймаджы (6,7 проценты).

Царды æмвæзад æмæ адæмы æфтиæгтæ

Цæрджыты æхцайы æцæг æфтиæгтæ (æнæмæнг фиддонты хæрдзты фæстæ æфтиæгтæ дæр, фæлхасадон æргъты бæрц хынцгæйæ, 2022 азы фыццаг квартала рауад 96,6 проценты.

2022 азы фыццаг квартала рæстæмбис нымадæй иу адæймаджы æхцайы æфтиæгтæ рауадысты 24709,1 сомы мæймæ.

Цæрджыты номиналон æхцайы æфтиæгтæ 2022 азы фыццаг квартала слæууыдысты 51008,9 милуан сомы гуырахсты, æмæ, 2021 азы фыццаг кварталимæ абаргæйæ, фæфылдæр сты 7,9 проценты, цæрджыты æхцайы хæрдзтæ — 52066,9 милуан сомы æмæ 12,8 проценты. Æфтиæгтæ фæныллæгдæр сты 1058,0 милуан сомы.

Æхцайы æфтиæгты иумæйаг гуырахстæй 2022 азы фыццаг квартала цæрджытæ товартæ æлхæныныл æмæ лæггæдтыл бахардз кодтой 92,8 проценты, æнæмæнг фиддонтыл — 8,5 проценты, æнæзмæлгæ исбонад æлхæныныл — 1,3 проценты.

Республикæйы куыстуæттæ æмæ организацитæ сæ кусджытæн кæй бахыгътой, уыцы рæстæмбис куысты мызд (æнæ материалон æххуысæй æмæ социалон миниуæг кæмæн ис, æнæ ахæм бафыстæй) 2022 азы январы-мартъийы (æххæст зилдухы), ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, сырæзыд 8,9 проценты.

Æцæг куысты мызды бæрц, фæлхасадон æргъты бæрц хынцгæйæ, 2022 азы январы-мартъийы, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, рауад 97,4 проценты.

Пенситæ

2022 азы 1 апрелмæ нысангонд пенситы рæстæмбис бæрц рауад 14762,2 сомы, æмæ, 2021 азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, фæфылдæр 6,7 проценты. Нысангонд пенситы æцæг бæрц, фæлхасадон æргъты бæрц хынцгæйæ, рауад 90,8 проценты.

Хъæууон хæдзарад

Хъæууон хæдзарады продукцийы гуырахст æппæт хæууонхæдзарадон куыстуæтты (хъæууонхæдзарадон организациты, зæхкусæг (фермерон) хæдзарæдты, уыимæ хисæрмагонд амалхъомты æмæ цæрджыты хæдзарæдты дæр), рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2022 азы январы — мартъийы ныхмæвæрд аргъгондæй, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, фæфылдæр 3,7 проценты æмæ рауад 4079,3 милуан сомы.

Фосдарынад

2022 азы мартъийы кæронмæ стурвос æппæт къæпхæнты хæдзарæдты, хыгъдтæм гæсгæ, уыдис 96,7 мин сæры (афæдз фæстæдæрæй 0,1 проценты фылдæр). Адонæй хъуццытæ — 40,8 мин сæры (1,8 проценты фылдæр), хуыты нымæц уыдис 21,8 мин сæры (18 проценты къаддæр), фыстæ æмæ сæгътæ —133,7 мин сæры (4,0 проценты фылдæр) мæргътæ — 1125,1 мин сæры (6,9 проценты фылдæр)

Фосы нымæцы бындуры цæрджыты хæдзарæдты фос у æппæт стурвосы 72,0 проценты, хуыты 100,0 проценты, фыстæ æмæ сæгъты — 28,2 проценты (2021 азы мартъийы кæронмæ уыдон ахæм ранымадæй уыдысты 72,3 проценты, 100,0 проценты æмæ 28,6 проценты. Хъæууонхæдзарадон организациты 2022 азы мартъийы кæронмæ, 2001 азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, хъомвосы нымæц фæкъаддæр 8,2 проценты. Уыимæ, хъуццыты нымæц фæфылдæр 3,4 проценты, фыстæ æмæ сæгъты нымæц фæкъаддæр 31,2 проценты, мæргъты нымæц фæфылдæр 17,3 проценты. Æппæт къæпхæнты хъæууонхæдзарадон организациты, хыгъдон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æргævдынмæ хæсгæ стурвос æмæ мæргътæ уагъд æрцыд (удæгас уæзæй) 8,0 мин тоннæйы, æхсыр — 34,3 мин тоннæйы, æйчытæ — 16,1 милуаны.

Хъæууонхæдзарадон организациты 2022 азы мартъийы кæронмæ, 2021 азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, æргævдынмæ хæсгæ фосы æмæ мæргъты рауагъд (удæгас уæзæй) фæфылдæр 36,0 проценты, æхсыры куыстад фæкъаддæр 2,5 проценты, æйчыты рауагъд — 35,9 проценты.

Хъуг цалынмæ æхсыр кæна, уæдмæ дзы хъæууонхæдзарадон организациты 2022 азы январы-мартъийы дыгъд æрцыд 1290 килограммы (2021 азы январы — мартъийы — 1236 килограммы).

Хъæууонхæдзарадон продукци уæй кæнын

2022 азы январы-мартъийы, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, хъæууонхæдзарадон организациты фос æмæ мæргътæ (удæгас уæзæй), æхсыр æмæ æхсыры продукттæ уæйгонд æрцыд фылдæр, хор æмæ æйчытæ — къаддæр.

Промышленнон куыстад

2022 азы фыццæгæм квартала хисæрмагонд тыхтæй конд куыстыты гуырахст пайдайаг къахинæгтæ амал кæныны æппæт организациты рауад 160,7 милуан сомы (ныры æргътæй) кæнæ 116,6 проценты 2021 азы ацы рæстæджы æмвæзадмæ, хомаггуыстгæнæг куыстуæтты — 4068,5 милуан сомы (119,4 проценты), электрон тыхæй, газ æмæ доны тæфæй æфсадæг куыстæдты: уæлдæф уымæл æмæ сыгъдæг кæныны — 4011,6 милуан сомы (86,4 проценты), донæфсисады; дон иуварс здахыны, æппарæццæгтæ æмбырд æмæ æфснайыны организациты, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны архайды — 500,4 милуан сомы (90,8 проценты).

Промышленнон куыстады бæрц 2022 азы фыццæгæм квартала 2021 азы æмвæзадмæ организациты æххæст зилдухы рауад 113,8 проценты.

Куыстады бæрц пайдайаг къахинæгтæ амал кæныны рауад 97,3 проценты, доломит æмæ арæзтадон æнæрзæт æрмæджыты куыстад ныллæгдæр кæй фæцис, уый тыххæй.

Хомаджы куыстуæтты 2022 азы ивгъуыд 3 мæймæ куыстады бæрц рауад 137,9 проценты æхсыры куыстад 16,6 проценты сырæзыны руаджы, нæлхæйы — 25,1 хатты, цыхты — 50,7 проценты, туаг æхсыры продукцийы 22,5 проценты, спъирты — 2,4 хатты, водкæйы — 96,5 проценты, фынкгæнаг æмæ шампайнаг сæнты — 42,6 проценты, бæгæныйы — 18,4 проценты, æвгты — 6 проценты, товарон бетоны — 2,7 проценты.

Уыимæ, маргъы дзидзайы рауагъд фæныллæгдæр 15,7 проценты, дзидзайы æрдæгфабрикатты — 1,0 проценты, къалбæсты — 22,7 проценты, адджинæгты — 34,4 проценты, æнæ карз нуазинæгты — 25,7 проценты, суардæтты — 3,6 проценты, рудзынгæмбæрзæнты хъуымацы — 28,7 проценты, полимерон тæнцъæртты — 5,2 проценты, пластмассæйæ конд дуæртты блокты — 25,1 проценты, пластмассæйæ конд рудзгуыты блокты — 31,7 проценты, æлыгæй конд агуыридурты — 35,8 проценты, блокты æмæ æмбырдгонд арæзтадон хæйтты — 21,7 проценты, асфальт æмæ бетоны — 44,4 проценты, бандæтты — 20,8 проценты, æрдæгпроводникты æмæ æндæрты приборты 3,3 хатты, стъолты — 20,8 проценты.

Электрон тыххæй, газ æмæ доны тæфæй æфсисад, уæлдæф сыгъдæг кæнын. Куыстады бæрц 2022 азы фыццаг квартала, 2021 азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, рауад 96,5 проценты. Электрон тыхы куыстад фæныллæгдæр 21,5 проценты, хъармы энергетикæ сырæзыд 18,1 проценты.

Донæфсисад; дондзахынад, æппарæццæгтæ æмбырд кæнын æмæ æфснайын, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны архайд. Куыстады бæрц 2022 азы фыццæгæм квартала, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, рауад 86,0 проценты.

Цæгат Кавказстаты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы управлени

Дзæуджыхъæуы æхсæнадон советы æмбырдæй

Бæлвырд ныхас — ахсджиаг фарстатыл

Уыд Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы æхсæнадон советы æмбырд. Михаил ШАТАЛОВ сæрдариуæг кæм кодта, уыцы æмбырды архайджытæ æрдзырдтой горæты цъæхвæлыст æмæ санитарон уавæрыл, архитектурон æмæ историон цыртдзæвæнтæ бахъахъхъæныныл, скъолаты ахуырдзауты сæрдыгон фæлладуагъдыл, стæй муниципалитеты царды æндæр ахсджиаг фарстатыл.

Æмбырды райдайæны Михаил Шаталов йæ хъуыды загъта, нæ бæстæйы Гæрзифтонг тыхтæ Украинæйы цы сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæнынц, уый тыххæй.

— Советон цардарæзты ныхмæ рагæй-æрæгмæ дæр Америкæ сусæгæй архайдта. Æххуысгæнджытæ йын уыд Украинæйы националистты æмæ ма къорд паддзахæдты æрдыгæй. Ныр нæ бæстæйы æфсад сын сæ тыхтæн ныххъуырд куы дæтты, уæд Уæрæсемæ сæ галиу зондыл хæст цæстæнгас бынтондæр рабæрæг. Сæ ных сын бакъуырыны тыххæй, Уæрæсейы Президент Владимир Путин не 'мбæстæгты цард бахъахъхъæныны нысанæн, цы фæндаг равзæрста, уый нымайын растыл. Уымæн æмæ сæ галиу митæй аууон æппарынц нæ адæмы намысджын ивгъуыдыл. Рагæй-æрæгмæ нын зынаргъ цы удварны хæзнатæ сты, уыдоныл æппарынц мæнгдзинады ауон. Ныфс нæ ис, сæ митæн кæрон кæй æрцæудзæн æмæ Уæрæсейы æфсадæн сæ размæ æвæрд хæстæ кæронмæ сæххæст сæ бон кæй бауыдзæн, рæстдзинад, раджы уа, æрæджы, уæддæр мах фарс кæй уыдзæн, — бафиппайдта æхсæнадон советы сæрдар.

Дарддæр советы сæрдары хæдивæг **Æмбалты Барис** æрдзырдта Дзæуджыхъæуы фæлладуадзæн

фæзты, паркты æмæ уынгты санитарон æмæ цъæхвæлысты уавæрыл. Куыд загъта, афтæмæй базилинаг сты Весенняйы æмæ Дзусы-фырты уынгты къахвæндæгтæ. Культурæйы галуан "Металлург"-ы алыварс цы фæз ис, уым, стæй нæ горæты цæрæн хæдзæртты алыварс фылдæр садзын хъæуы талатæ, къудзитæ æмæ дидинджытæ. Муниципалон зылдты æмæ Дзæуджыхъæуы цъæхвæлыстæн дзуапдæттæг куыстуæттæ, бирæуæладзыгон хæдзæртты разамонæг компаниты сæргълæуджытæ та хъуамæ рагацау батыхсой бирæуæладзыгон хæрдзæртты кæрдзыты æмæ уынгты, фæсвæд рæтты чи зайы æмæ адæймаджы æнæниздзинадæн зиан чи хæссы, уыцы хæмпæлгæрдæг кæрдыны тыххæй техникæ самал кæныныл.

Дзæуджыхъæуы историон-культурон цыртдзæвæнтæ цалцæг кæныны æмæ сæ ногæй рацаразыны тыххæй цы муниципалон программæйы проект цæттæгонд цæуы, уый нысантæ æмæ хæстæ царды куыд уагъд æрцыдысты, уый тыххæй æмбырды раныхас кодта ацы советы культурæ æмæ удварны исбон бахъахъхъæныны къамисы сæрдар **Атайты Мæдинæ**. Уый фадат радтид, нæ горæты ма цы цалцæггæнинаг историон цыртдзæвæнтæ æмæ культурон ахадындзинады нысаниуæджы бæстыхæйттæ ис, уыдон фæлтæртæн бахъахъхъæнын. Фæахъаз уаид нæ горæтмæ Уæрæсейаг бæлццæтты æргом раздахынæн. Йæ раныхасæн та дæнцæджы хуызы æрдзырдта сæ ног цалцæджы фæстæ Паддзахадон филармонийы æмæ Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы æддаг бакасты æмæ сæ бæсты хæйтты ивддзинæдтыл.

Дзæуджыхъæуы скъолаты ахуырдзаутæ сæ сæрдыгон фæлладуадзæн рæстæг сæ удварны рæзтæн æмæ æнæниздзинадæн пайдаимæ арвитой, уый тыххæй ныридæгæн цы арæзт æрцыд, ууыл уыд йæ раныхас æхсæнадон советы комитеты сæрдар **Тезиаты Таймуразæн**. Куыд банысан кодта, афтæмæй нæ горæты сæрдыгон лагерты цы фæсивæд ис, уыдонмæ алывæрсыг ахуырадон æмæ хъомыладон куыст кæнынц сæрмагондæй цæттæгонд хъомылгæнджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ тренертæ. Уыдон се 'ргом здахынц сæ алкæй зондахасты интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон хицæндзинæдтæм. Афтæмæй сын аразынц алыхуызон сфæлдыстадон фембæлдытæ, конкурстæ, семинартæ æмæ спортивон ерыстæ.

Æмбырды архайдтой Дзæуджыхъæуы зылдты префекттæ дæр. Уыдон бæлвырд дзуаппытæ радтой советы сæрдар æмæ йæ уæнгты бирæ фарстытæн.

ГАСАНТЫ Валери

Нымæцтæ

Æппæты кадджындæр курорттæ

Уæрæсейы цæрджыты цæсты кæцы фæсарæйнаг курорттæ кадджындæр сты æмæ не 'мзæххонтæ ацы сæрд сæ фæллад цавæр бæстæты уадзынц? Уый фæдыл раиртæсты бæрæггæнæнтæ мыхуыр кæны газет "Известия".

Афтæ, йæ фæллад суадзынæн сæрдыгон мæйтæ чи равзæрста, уыцы адæмæн сæ 40 проценты бæрц разæрстой Турк, 33 проценты сæ ных сарæзтой Египетмæ, 31 процент та — Иугонд Араббаг Эмираттæм.

Уыимæ, эксперттæ куыд зæгъынц, афтæмæй Уæрæсейы цæрджытæ зынгæ фылдæр æргом аздæхтой мидбæстон туриззмæ дæр. Зæгъæм, фароны сæрдимæ абаргæйæ, ацы аз уæрæсейаг курортты сæ фæллад суадздзысты 30 проценты бæрц фылдæр адæм. Амæй размæ азты куыд уыд, афтæ ныр дæр туристтæн сæ фылдæр хай абалц кæнынц Краснодары край æмæ Хъырыммæ (æппæт фæлладуадзæг адæмæн сæ 48 проценты).

Раиртæсты архайæг адæмæн сæ 56 проценты куыд радзырдтой, афтæмæй сæ сæрдыгон фæлладуагъдыл схардз кæндзысты 70-100 мин сомы бæрц, сæ 31 проценты та — 30-70 мин сомы бæрц.

Не 'мбæстæгты хъуыдымæ гæсгæ, фæллад уадзынæн æппæты хуыздæр мæйтæ сты: август (афтæ зæгъынц æрфарсты архайæг адæмæн сæ 41 проценты), июл (31 проценты) æмæ сентябр (25 проценты).

Эксперттæ куыд зæгъынц, афтæмæй, кæд æмæ бирæ фæсарæйнаг бæстæтæ уæрæсейæгтæн "æхгæд" сты, уæддæр фæллад уадзынæн ссарæн ис æндæр зæрдæмæдзæугæ бынæттæ дæр. Уыдоны нымæцы: Белоруссии, Кыргызстан æмæ Таджикистан. Уыимæ, ацы бæстæтæм балцытæ ацы аз рауайдзысты æппæты асламдæр. Зæгъæм, Мæскуыйæ абалц кæнгæйæ, Белоруссимæ уæлдæфон балц дыууæрдæм иу адæймагæн слæудзæн 13,5 мин сомы бæрц, Кыргызстанмæ — 23,4 мин сомы бæрц æмæ Таджикистанмæ — 24,6 мин сомы бæрц.

Нæ уацхæссæг

Газеты азфыстæй

Уæд мыхуыр кодта "Рæстдзинад"...


Дунеjы мæгуыр кусæг адæм, баiу ут!
РÆСТДЗИНАД
Цæгат—Ирыстоны коммунистты партiйы комiтет æмæ Обруды Исполкомы газет.
Редакцi хатыр курæ кæсджытæй ацы номыры рæдыдты тыххæj. Рæстæг кæд нæ уыд уымæ гæсгæ редакцiйæн амал нæ'рцыд газеты фыццаг номыры бiнонты бакусын.
Фæстаг номыртæ уыдзысты бiнонтыдæр къаст.
Редакцi.
„РÆСТДЗИНАД"
Фæвдарæст, „Рæстдзинад"i Фæцæуы

Нæ разы, фæззыгон сыфтæртау, чи сбур, "Рæстдзинад"-ы ахæм номыртæ латинаг дамгъуатыл. Рацыдысты 1920-1930 азты, æмæ рæстæджы комулæфт æнхъæвзы алы газетæй дæр.

2023 аз "Рæстдзинад"-ы юбилейон аз кæй у, уымæ гæсгæ дзы мах равзæрстам, абоны газеткæсджытæм диссагдæр цы фæкæсдзæн, ахæм æрмæджытæ. Газет уæды рæстæг цæуыл фыста, хъæууон уацхæсджыты тынгдæр цы тыхсын кодта, уыдæттæн та уæхæдæг тæрхонгæнæг фæут. Уацхъуыдтæ мыхуыргонд цæуынц, стилистикон æгъдауæй куыд фыст æрцыдысты, афтæ.

Афоныл бафснаинаг мулк

Зæронд Саниба. 1927 азы Дзæуджыхъæуы зылды æххæстгæнæг комитеты уынаффæйæ Санибагомы фæндæгтæм базилынæн лæвæрд æрцыд 2 мин сомы. Алы кусынхъом нæлгоймаг дæр уыцы æхцайæ фылдæр куыст бакæныны тыххæй срæвдз кодта пыхс 2 сардзины æмæ 40 михы.

Фæндæгтæм, куыд амал уыд, афтæ базылдысты.

Фæнд уыд Гæналдоны тулдз могортыл æфсæйнаг хидтæ скæнын. Уыцы хъуыддагæн тулдз хъæдæрмæг цы хъуыд, уый хъæубæстæ æрцæттæ кодтой (500 тулдзы бæрц).

Адæм куыстыты бын фесты. Хъæдæрмæг доны был баззад. Хъæугæ дæр дзы фæкодта. Ацы аз Гæналдон хъуамæ тынг раивыла, æмæ уæд фароны фæллæйттæ дæр фесæфдзысты, стæй тулдз хъæдæрмæг дæр донласт фæуыдзæн.

Ауазынмæ æмæ хид аразынмæ тагъддæр бавналын хъæуы.

ДЗГОЙТЫ А.
1928 аз, № 38 (313), 27 май

Пьесæ "Таймураз" — нæ клубы

Хъæдгæрон. Нæ хъæуы клубы 1927 азы райдайæнæй 28 азмæ хъазтизæр никуыуал уыдис. Ацы аз фæзындысты ирон пьесæты чингуытæ, æмæ сæ нæ клубы дæр æвæрын райдыдтам. Æрæджы нæ комфæсивæд сфæнд кодтой, цæмæй хъазтизæр саразой, уый. Дзæуджыхъæуæй æрхастам пьесæтæ "Таймураз" æмæ "Гæркъа". Фæцæттæ кодтам нæхи æнæхъæн къуыри, стæй йæ цы бон æвæрдтам, уыцы бон хъусинæгтæ баныхæстам алы ран. Куы фехъуыстой адæм, "Таймураз" æвæрдзысты, уый, уæд хъæубæстæй бирæ нал баззад æнæрцæуæгæ. Райдыдта хъазтизæр, адæм æм тынг хорз байхъуыстой. Дыккаг хатт ма алкæй дæр фæндыд байхъусын уыцы пьесæмæ.

Дзибис ГАГКАЙТЫ
1928 аз, №20 (295), цыппæрæм, 22 мартъи

(Уыдзæн ма)

Бацæттæ сæ кодта ТОХСЫРТЫ Къоста

Нæ истори — нæ уды фарн

"Сырдоны дур"

Ирыстоны зæхх æвæджиауы хъæздыг у историон цыртдзæвæнтæй. Махмæ фыццаг хатт чи сæмбæлы, уыдон сæ цæст æрæвæрынц рагон хъуынасæр мæсгуытæ æмæ гæнæхтыл. Уæдæ нæм ис, фыдæлты æрмдзæф кæуыл баззад, хæдзары ахæм дзаумæттæ дæр. Уæлдай диссагдæр та рагон аивадон куыстытæ сты. Дунейы адæмты культурæйы хæзнадоны аккаг бынат æрцахстой æмæ сыл фидæны фæлтæртæ дæр ма дис кæндзысты.

Хъыгагæн, ивгъуыд æнусты æгомыг æвдисæнтæ бирæ сусæгдзинæдтæ æмбæхсынц. Ахуыргæндтæ, зæгъæм, абоны онг нæма зонынц рагон зæрингуырдтæ, алыхуызон аивгæнæнтæ аразгæйæ, цавæр мадзæлттæй пайда кодтой, уый. Ныронг махæн зындгонд нæу, нæ фыдæлтæ мæсгуытæ æмæ галуантæ куы амадтой хæхты сæр, уæд стыр къæдзæхдуртæ куыд æгъдауæй истой уыцы арæзтæдтæм. Фæлæ алы хъуыддагæн дæр ахуыргæндтæ сомбон дзуапп ссардзысты. Ныр та мæ зæгъын фæнды уый, æмæ нæ хæххон Ирыстоны рагон сусæгдзинæдтæ раргом кæныны дæгъæлтæй иу баст у **"Сырдоны дур"**-имæ.

Ацы историон цыртдзæвæн 1871 азы фыццагдæр уырыссаг ахуыргонд В.Пфаф бафиппайдта хæххон Дыгуры. Бæлвырддæр куы зæгъæм, уæд разынд Мæхческæй чысыл æддæдæр алайнаг уæлмæрд Бузуныхуымæй Абысалты мыггаджы мæсыджы æхсæн. Таурæгъы куыд дзырдæуы, афтæмæй кæддæр ам уыдис, дыгурæтты размæ дзы чи цардис, ахæм æнахуыр адæмы кувæндон. Æвæццæгæн, дур дзæвгар рæстæг фæлæууыд цæугæдоны, æмæ уый тыххæй йæ кæрæттæ сты æмдымбыл, йæ уæлцъар та у лæгъз.

Дарддæр **"Сырдоны дур"**-ы тыххæй куы дзурæм, уæд йæ уæз уыдзæн 600 килограммы бæрц, æмæ ис Цæгат Ирыстоны бæстæзонæн музейы. Æнæзонгæ къухарæхст адæймаг дзы скъахта, чи баиу вæййы, ахæм авд тымбыл хаххы. Уый у рагон лабиринт — æнахуыр галуаны арæзтады пълан вазыгджын бацæуæнтæ æмæ рацæуæнтимæ.

Бæлвырд куыд у, афтæмæй лабиринттæй уæрæх пайдагонд цыдис рагон цивилизацийы дуджы. Цыппар мин азы размæ египетаг (мысыраг) фараон Аменехтеп 3-æм егъау галуан (200 х 170 м.) сарæзта горæт Файюмы. Ам уыдис, кæрæдзийы хуылфы чи "ныссуйтæ", ахæм цалдæр мин уаты æмæ тыргъы.

Фæстæдæр бердзенæгты паддзах Миносы амындæй ноджыдæр ма иу лабиринт арæзт æрцыд Зæххастæу денджызы сакъадах Криты. Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ чи "ныссуйтæ", ахæм бацæуæнтæ æмæ рацæуæнтæй фæстæмæ никæй бон уыд раздæхын.



1. "Сырдоны дур", А.Миллеры конд ныв, 1925 аз.
2. Рагон критаг æхца лабиринты нывимæ.
3. Барджытæ рацæуынц лабиринтæй.
Этрускаг вазæйыл конд ныв, нæ дуджы агъоммæ 7-æм æнус.

Таурæгъы куыд амынд цæуы, афтæмæй критаг лабиринты йæхи æмбæхста, галы сæр кæмæн уыдис, ахæм æнахъинон цæрæгой Минотавр æмæ иудадзыг адæмы æвдæрзта. Хъæбатыр Тесейы къухы бафтыд Минотавры лæгæтмæ бацæуын æмæ адæмы æвдæрзæджы амарын. Фæстæмæ та раирвæзт, лабиринтмæ цæугæйæ, раздæр халгæ цы къуыбылой кодта, уый æндахы руаджы. Хъæбатыры кадæн бердзенæгтæ æрвылаз арæзтой иумæйаг зарджытæ æмæ кæфтытæ, бæрæг кодтой æвирхъау цæрæгойыл фæуæлахизы кадджын бæрæгбон.

Ам нæ зæгъын фæнды уый, æмæ мæхческаг дуримæ баст сты цалдæр таурæгъы. Иуы дзы ныхас цæуы, раджы кæддæр дыууæ стыр калмы тохгæнгæ цы хохы сæрæй рацыдысты, ацы дурмæ куы 'рбахæццæ сты, уæд кæрæдзи мидæг марг бауагътой æмæ сæ дыууæ дæр ныммардысты дуры уæлæ. Кæлмытæ кæрæдзийыл куыд тыгъд уыдысты, уый хуызæн баззадысты дуры сæрыл. Дыгурон зæронд лæгтæ Пфафæн цы таурæгъ радзырдтой, уымæ гæсгæ та дурыл конд ис Нарты Сырдоны хæдзары пълан. Цымæ лабиринт аразыны хъуыды куыд æгъдауæй æрбафтыд Кавказмæ? Æвæццæгæн, нæ хæххон райгуырæн бæстæйы рагон цæрджытæ æмæ Зæххастæу денджызы кæддæры цивилизацийæн незаманты уыдис бастдзинад. Нæ хъуыды куы фæирддæр кæнæм, уæд 1925 азы ленинградаг ахуыргонд, профессор А.Миллер куыд сбæлвырд кодта, афтæмæй **"Сырдоны дур"**-ы лабиринт у, критаг згъæр æхцайыл цы лабиринты ныв ис, уый хуызæн æмæ йыл цæуы æппæты къаддæр цыппар мин азы бæрц. Уымæй уæлдай, этрускаг вазæйыл (нæ дуджы агъоммæ 7 æнус) цы лабиринт нывгонд ис, уый дæр зæрдыл æрлæууын кæны, Дыгургомы цы историон цыртдзæвæн разынд, уый. Иу ныхасæй, ирæттæ, бердзенæгтæ, этрускæгтæ, ромæгтæ æмæ æндæр адæмыхæттытимæ хауынц индоевропæйаг æвзæгты бинонтæм æмæ сæ незамантæй фæстæмæ иу кæнынц рагон иумæйаг культурæ æмæ мифологи.

Бæлвырд дæнцæгтæ куы 'рхæссæм, уæд ирон таурæгътæ хæстæг лæууынц рагон бердзенаг мифтæм. Зæгъæм, Сырдон Нарты кадджыты æвдыст цæуы "арвы хин æмæ зæххы кæлæн"-æй, фыдбылызтæ кæны адæмæн. Минотавры хуызæн цæры сусæг хæдзары, фæндаг та йæм ис зын бацæуæн лабиринтыл. Уæдæ Хæмыц дæр дард нæ лæууы бердзенаг таурæгъты хъæбатыр Тесейæ. Уырдæндахы æххуысæй бафтыд Сырдоны цæрæнуатмæ æмæ амары, адæмæн хъыцъыдæттæ чи æвзарын кæны, уый нæ, фæлæ йæ сывæллæтты. Уымæй уæлдай, ирæттæм бердзенæгты хуызæн ис, бирæ адæм кæм фæархайы, ахæм кæфтытæ. Куыд хъуыды кæнын, афтæмæй симды кафджыты змæлд зиллаккыл у, цыма хъæбатыртæ лабиринты зылын-мылын къæсæртыл цæуынц, афтæ.

Æцæгдæр, рагон адæм суанг æбæлвырд тыхтæн дæр табу кодтой. Йæ азæлд бафиппайæн ис, 1927 азы Кокиты Георги цы таурæгъ ныффыста, уым дæр. Амынд дзы цæуы, зæгъгæ, бæхылбадыны ерысты фæстæ арæхстджындæртæй æвзæрст цыд дыууæ лæппуйы æмæ дзуары лæгтимæ бацыдысты кувæндоны астæу **"Сырдоны дур"**-мæ. Лабиринты хуылфмæ ис æрмæстдæр иу бацæуæн: цæуын хъæуы хаххыл нæ, фæлæ дыууæ хаххы астæуты. Лæппутæй-иу, йæ къухы кæмæн бафтыд лабиринты астæумæ фæндаг ссарын, фæстæмæ раздæхын, уый-иу ссис уæлахиздзау æмæ-иу цирхъæй йæ ныхмæлæууæджы сæр атæхын кодта.

Раст куы зæгъæм, уæд лабиринтты кой бирæ адæмты дзургæ сфæлдыстады баззад. Ахуыргæндтæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй лабиринты тыххæй цы европæйаг таурæгъ ис, уый дзурæг у мæйы ног райгуырдыл. Раздæр та йæ цавæрдæр æвирхъау цæрæгой (мæйхор) аныхъуырдтаид, фæлæ æхсæвы цырагъдар басаста талынг тыхы æмæ æнæхъыгдардæй раирвæзт йæ хуылфæй.

Ам дæр та уынæм таурæгъ æмæ **"Сырдоны дур"**-ы æхсæн фидар бастдзинад. Цы лабиринт ыл нывгонд ис, уый тымбыл хæххытæ амонынц мæйы къуырийы авд боны. Бердзенаг таурæгъы хъæбатыр Тесей афтæ уæлиау кæны мæйы, æвирхъау цæрæгойы та нын æвдисы лабиринты хуызы. Хъæбатыры кадæн ирон æмæ бердзенаг адæмтæм уæды рæстæджы цы кæфтытæ фæзынд, уыдоны абоны мидис та у хорздзинады уæлахиз фыддзинадыл. Рухсы уæлахиз талынгыл æмæ мæ ууыл фæнды мæ хъуыдытæ балхынцъ кæнын. Фæлæ хъуамæ газеткæсджытæй искæй бафæнда мæ ныхас дарддæр ахæццæ кæнын. Табуафси, зынаргъ æмбæлттæ, кæд уæ исчи фехъуыста Мæхческы лабиринт æмæ кувæндоны тыххæй рагон таурæгътæ, уæд нæм фехъусын кæнæнт.

ЦОГОЙТЫ Валодя,
историон наукæты кандидат

Худæджы хал ахæр

❁ ❁ ❁

— Исты дзæбæх чиныг ма мын авæр, — бахатыд иу лæг библиотекæйы кусæгмæ.

— Иронау кæсыс æви уырыссагау?

— Уырыссагау.

— Мæнæ дын уæдæ Рафаэлло Джованьолийы "Спартак".

— О, уый мæ нæ хъæуы. Футболистты фыст уацмыстæ никуы фæкæсын.

— Уæд та Федор Гладковы "Цемент" бакæс.

— Уый дæр нæ. Мæн аивадон литературæ хъæуы!

❁ ❁ ❁

— Афтæ мын нæ дзырдтай, зæгъгæ, мын мæ пьесæ сценæйыл куы сæвæрой, уæд театрдзаутæ иууылдæр сæ ком ивазын райдайдзысты.

— Æмæ цы?

— Сæвæрдтай йæ æмæ дзы йæ ком ничи ивæзта.

— Ард дæ хæдзары бацæуа, кæд ма дзы йæ ком чи хъуамæ аивæзтаид. Залы бадæг адæм иууылдæр сæ хæдзæрттæм куы фæцыдысты!

("Рæстдзинад"-ы архивæй)

Аивады тæгтæ

"Стыр гастролтæ": Дзæуджыхъæу — Твермæ, Твер — Дзæуджыхъæумæ...

Ныв спектакл "Леший"-йæ

Цæгат Ирыстон дарддæр архайы æппæтуæрæсеон аивадон программæ "Стыр гастролтæ"-йы. Уыцы проекты фæлгæты Уырыссаг театр гастролон балцы ацæудзæн горæт Твермæ.

Уый тыххæй фехъусын кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Культурæйы министрады пресс-службæ.

Министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театры артисттæ Твермæ абалц кæндзысты сентябры. Уым къуырийы дæргъы ирыстойнæгтæ сæ аивадимæ зонгæ кæндзысты бынæттон адæмы. 13-16 сентябры "вахтанговонтæ" равдисдзысты 4 спектаклы — Антон Чеховы "Леший", Александр Островскийы æвæрд "Лес", Жан Ануйы "Бал воров" æмæ аргъау "Волшебная лампа Аладдина".

Уыимæ, чысыл фæстæдæр та Тверы Академион драмон театры коллектив гастролон балцы ссæудзæн Цæгат Ирыстонмæ (21-26 сентябры). Ирыстойнаг аивадуарзджытæн театры артисттæ равдисдзысты Агатæ Кристийы пьесæмæ гæсгæ æвæрд "Свидетель обвинения", Александр Островскийы "Доходное место", Уильям Шекспиры "Укрощение строптивой" æмæ Ганс Христиан Андерсены аргъаумæ гæсгæ музыкалон спектакл "Принцесса и свинопас".

Нæ уацхæссæг

Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

Ирыстойнæгтæм — æхсæз хæрзиуæджы

Хабаровскы ивгъуыд къуыри уæззау атлетикæйæ Уæрæсейы чемпионаты ирыстойнаг спортсментæн бантыст æхсæз хæрзиуæджы рамбулын.

Амæй размæ нæ газеты фыстам, нæ æртæ сæрæн чызджы — **Соттиты Янæ, Челæхсаты Мæдинæ** æмæ **Гусалты Заринæ** дыууæ 1-аг бынаты æмæ иу 2-аг бынат кæй бацахстой, уый тыххæй.

Сæ хæдфæстæ ерысы цы ирон лæппутæ бацыдысты, уыдон дæр æнæ хорзæхтæй нæ баззадысты.

102 кг онг уæзы **Наниты Руслан** æмæ **Аланы** хъомылгæнинаг **Дзæгъойты Сослан** ерысты фыццаг хуызæй уыцы иу ист скодта 163 кг, йæ риуæй та сыскхуыста 190 кг. Афтæмæй дыууæ хуызы иумæ систа 353 кг æмæ хорзæхджынгонд ссис Уæрæсейы чемпионаты бронзæ майданæй.

Ноджыдæр ма иу бронзæ майданæй хорзæхджынгонд ссис **Наниты Арсен**. Уый уæззау уæзы (109 кг+), ерыс кæнгæйæ, дыууæ хуызы иумæ систа 385 кг (176+209) æмæ бацахста 3-аг бынат.

Фыццаг бынат рамбулынмæ нæ нæлгоймаг штангисттæй æппæты хæстæгдæр уыд Уæрæсейы фароны чемпион **Наниты Тимур**. Уый 109 кг онг уæзы ерысты фыццаг хуызæй 183 кг куы систа, уæд рацыд 1-аг бынатмæ, фæлæ æнæнхъæлæджы фæкъуылымпы дыккаг хуызæй ерыс кæнгæйæ.

Тимур йæ фыццаг фæлварæны йæ риуæй сыскхуыста 218 кг æмæ, дыууæ хуызæй 401 кг сисгæйæ, цыдис разæй, фæлæ йæ разæй фæцис Мæскуы æмæ Кæцæг-Балхъары Республикæйы номæй

ерысты архайæг **Хас-Магомед Балаев**. Уый йæ риуæй сыскхуыста 222 кг æмæ, дыууæ хуызы 402 кг æрæмбырд кæнгæйæ, Наниты Тимурæй иу кг фылдæр фæразæй.

Афтæмæй Тимур ацы хатт Уæрæсейы чемпионаты ссис æвзист майданæй хорзæхджынгонд. Тимур æмæ Арсены дæр ерыстæм бацæттæ кодтой Наниты Руслан æмæ Алан.

Призон бынæттæ бацахсынмæ хæстæг уыдысты **Кæсæбиты Алыксандр** (йæ тренер **Акъоты Артур**) æмæ **Кокайты Сослан** (йæ тренертæ Наниты Руслан æмæ Алан), фæлæ сын ацы хатт уый нæ бантыст.

Нæ республикæйы иугонд командæйы сæйраг тренер **Дзбойты Петр** нæ командæйы бæрæггæнæнтæ банымадта хорзыл: "Ахæм чемпионаты æхсæз хæрзиуæджы рамбулын у хорз æнтыстдзинад. Уæлдай раппæлинаг сты нæ чызджытæ.

Челæхсаты Мæдинæ æмæ Соттиты Янæ Уæрæсейы чемпионкæтæ кæй систы, уый бирæйы аргъ у. Соттиты Янæ цы бæрæггæнæнтæ равдыста, уыдонимæ ис дунеон ерысты дæр бæрзонд бынатыл тох кæнæн. Уæдæ нæ иннæ æрыгон чызг Гусалты Заринæ кæд 2-аг бынат бацахста, уæддæр йæ бæрæггæнæнтæ сты дунеон ерысты аккаг.

Нæ нæлгоймаг спортсменты тыххæй куы дзурæм, уæд уыдон дæр дзыхълæуд нæ уыдысты. Æвзист æмæ бронзæ майдантæ рамбулын сын кæй бантыст, уый дæр хорз æнтыстдзинад у.

Кæй зæгъын æй хъæуы, мах нæ зæрдæ дардтам, Наниты Тимур 1-аг бынат кæй бацахсдзæн, уыл, фæлæ ацы хатт йæ риуæй сысхойгæйæ, æнæнхъæлæджы фæкъуыхцы æмæ 1-аг бынатмæ нал рацыд. Æз гуырысхо нæ кæнын, Тимураен Хабаровскы йæ риуæй сысхойын цы 222 кг нал бантыст, уыдонæй фылдæр дæр кæй сисдзæн, уыл.

Æмткæй райсгæйæ, нæ спортсментæ иууылдæр, сæ гæнæнтæм гæсгæ, Хабаровскы равдыстой хорз цæттæдзинад. Уый тыххæй зæрдиаг арфæ кæнæм сæ бацæттæгæнæг тренертæн: **Тогойты Æхсарбег, Золойты Хъазыбег, Тасойты Æхсар, Дзгойты Олег** (нæ чызджыты тренертæ), Наниты Руслан, Наниты Алан, **Тыбылты Хасан** æмæ Акъоты Артураен (нæ нæлгоймаг спортсменты тренертæ).

Сылгоймæгты 'хсæн 1-аг бынæттæ бацахстой: 45 кг — **Регинæ Шейдулина** (Тæтæры Республикæ) — 155 кг (65+90). 49 кг — **Полинæ Андреева** (Чувашы Республикæ) — 175 кг (78+97), 55 кг — **Юлия Гулина** (Белорусы Республикæ) — 167 кг (71+96), 59 кг — **Ольгæ Гие** (Мæскуы+ Оренбурджы облæст) — 212 кг (98+114), 64 кг — **Анастасия Анзорова** (Тюмены облæст) — 206 кг (93+113), 74 кг — **Анастасия Романова** (Краснодары край), Челæхсаты Мæдинæ (Аланыстон) — 216 кг (95+121), 81 кг — Соттиты Янæ (Аланыстон) — 247 кг (113+134), 87 кг — **Дарья Рязанова** (Мæскуыйы облæст+ Ростовы облæст) — 217 кг (97+120), 87 кг+ **Виктория Орлова** (Мæскуы) — 235 кг (101+134).

Сылгоймæгты ерысты æппæт уæзты дæр Соттиты Янæйæ фылдæр сисын никæмæн бантыст.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Æмгуыстад

Бадзырд фыст æрцыд

Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ Тæрхон æххæстгæнæг федералон службæйы регионалон управленийы хицау Владимир МОРАВЕЦ сæ къухтæ кæм æрæвæрдтой, уыцы бадзырдмæ гæсгæ нæ республикæйы растгæнæн кусæндæттæ фадæттæ сараздзысты промышленнон куыстадæн.

— Промышленнон куыстады фæрцы уыдзæн бахъуаджы заман фæллойадон авналæнтæй спайда кæныны фадат. Растгæнæн куыстуæтты кæй уадзынц, уыцы продукцийæ спайда кæнæн ис объектты цалцæггæнынады, рацарæзт æмæ арæзтады заман. Социалон æууæл ацы хъуыддаджы нымаинаг у. Æмгуыстад дарддæр кæнынмæ цæттæ стæм, — загъта Дзанайы-фырт.

Владимир Моравецы ныхасмæ гæсгæ, парахат æмгуыстады фæрцы уыдзæн ахæстоны бадæг адæмæн куыст радтыны фадат, æмæ афтæмæй ахæстонæй рацæуыны фæстæ ацы адæм сæрибар цардыл æнцондæрæй сахуыр уыдзысты.

Уæлдæр амынд бадзырды хæстæ сты мæнæ ахæмтæ: ахст адæмæн куыст радтын æмæ, ацы адæм ног кусæн дæсныйæдтæ цæмæй райсой, уымæн фадæттæ саразын; ахст адæм сæ дарынæн хæрдзтæ фыст сын мыздæй кæй бахгæндзысты, уый фæрцы федералон бюджетыл æнцайæг финансон уæз фæкъаддæр кæнын; тæрхон кæмæн скодтой, уыцы адæм хъыгдардбаййафджыты домæнтæ цæмæй баххæст кæной, уымæн фадæттæ саразын æмæ фыдракæндæй хаст зианы бæрц бафидын.

Нæ уацхæссæг

Арфæ

Дзебойты Сергейы чызг Регинæйæн йæ юбилейы фæдыл

Газет "Рæстдзинад"-ы журналисттæ зæрдиаг арфæ кæнынц Горæтгæрон районы газет "Фидиуæг"-ы раздæры сæйраг редактор Дзебойты Регинæйæн йæ юбилейы фæдыл.

Нæ зынаргъ, нæ уарзон Регинæ! Ацы сæрдыгон дидинæгджын рæстæг дын дæ райгуырæн боны нæ зæрдæ зæгъы царды бирæ хорздзинæдтæ, сæйрагдæр — æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ рæстæджы хорзæх!

Бирæ бæрнон бынæтты Горæтгæрон районы æнæфæцудгæ, адæмы æууæнкæй хайджынæй фæкуыстай, зонынæмæ дæ сæрыстыр сты æппæт цæрджытæ дæр. Хæрзуд, æрхъуыдыдар, бирæтæн бафæзминаг адæймаг дæ, æмæ цардæй бафсæд!

Хуыцауæй бузныг стæм, кæй нын дæ, уый тыххæй. Дæ куырыхондзинад, адæймагдзинад æмæ уæздан ахастæй кадджын, æгъдаухæссæг сылгоймаг дæ, æмæ нын бирæ азты фæрнæй фæцæр!

Мады-Майрæм æмæ дын Ирыстоны табуйаг дзуæрттæ æххуысгæнæг уæнт!

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ

Фæндагон фæтк

Фыдбылызы аххосæй хæдтулгæ ссыгъд...

Ивгъуыд хуыцаубоны Дзæуджыхъæуы цы фæндагон-транспортон фыдбылыз æрцыд, уым ног хæдтулгæ басыгъд.

Паддзахадон автоинспекцийы кусджыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фæсарæйнаг джипы хицау, Телмæны уынджы фæцæйцæугæйæ, галиуырдæм Гвардейскаяйы уынгмæ фæзылд. Уыимæ, джипы хицау фыццагдæр йæ рæзты хъуамæ ауагътаид, йæ нымæ цы фыдыбæстæйаг "ВАЗ 21099" ссæйцыд, уый. Афтæмæй дыууæ хæдтулгæйы кæрæдзи сцавтой. Тыхджын цæфæй "ВАЗ" ссыгъд.

Фыдыбæстæйаг хæдтулгæйы хицау — 1994 азы гуырд нæлгоймаг бахауд рынчындонмæ.

Фæндагон инспектортæ фыдбылызы æппæт æууæлтæ иртасынц.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Адæмы удæнцойæн

Олимпиаг парчы фонтан ногæй скуыста

Дзæуджыхъæуы Олимпиаг парчы "кафаг" фонтан бындурон цалцæджы фæстæ ногæй кусын райдыдта.



Æмæ ныр, раздæр куыд уыд, афтæ та паркмæ 'ввахс микрорайонты цæрджытæ барухс кæны "кафаг" фонтан (йæ музыкалон хаймæ та йын фæлладуадзæг адæм бакæсынц изæры 20 сахатæй 21 сахаты онг).

Фонтаны цалцæджы проекты инвестор **Гаглойты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй объекты цалцæгыл бахъуыд бирæ хъару æмæ рæстæг схардз кæнын. Уыимæ, инвесторы зæрды ис парчы æндæр нывыладон куыстытæ дæр бакæнын. Зæгъæм, фæнд кæны 50-метры бæрзæндæн "фæлгæсæн цалх" æмæ æндæр аттракционтæ сæвæрын. Уымæй уæлдай, парк хъуамæ рафидауа сывæллæтты хъазæн фæзтæй дæр.

Нæ уацхæссæг

Аивады дæснытæ

ХАДЫХЪАТЫ Аллæ:

"Зар, мæ Ирыстон!.."

Аивад йæ бæрзондзинад, рухс æмæ æргом, бирæвæрсыг ахастæй иу кæны алы адæмыхæттыты. Уый æцæг афтæ кæй у, уый тыххæй бирæ куырыхон лæгтæ фыстой æмæ ма фысдзысты йæ æвæджиауы тых, æмæ ма, æнæмæнг, низтæ дзæбæхгæнæн фæрæз кæй у, уый тыххæй дæр. Ногæй дзы ницы загътон, фæлæ мæ ныхасæн йæ мидис раргомдæр кæнынæн радзурдзынæн, æрæджы цы концерт федтон Дзæуджыхъæуы "Металлургты галуаны", уый тыххæй.

Концерт лæвæрдта йæ хæлар эстрадон зарæггæнджытимæ Цæгат Ирыстон æмæ Хуссар Ирыстон адæмон артисткæ, Абхаз æмæ Мæхъхъæлы республикæты сгуыхт артисткæ Хадыхъаты Аллæ. Концертдзаутæ залы стырæй, чысылæй рагацау æрцахстой сæ бынæттæ æмæ залы адæмæн "Æгас цæут!" загъта концертон программæйы амонæг Налдыхъуаты Зæлинæ. Уый сценæмæ рахуыдта изæры сæйрагдæр архайæг, адæмæн уарзон фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг Хадыхъаты Аллæйы.

Цалдæр сахаты уыцы цæнгтæ æмæ уд цы бафæрæзтой, æвæлмæцгæйæ адæммæ цы фæлмæн ныхас æппæрста зард, кафт æмæ фæндырдзагъдимæ, уый у йæ фæлмæн зæрдæ æмæ профессион дæсныйадæн хорз бæрæггæнæн, махæн уæлдай хатт бафиппаинаг. Артисткæйы уыцы фыдæбон у æвæджиауы диссагæн адæмæн дзуринаг æмæ бирæтæн дæнцæгæн хæссинаг. "Æмæ уый фыццаг хатт нæу", — зæгъдзысты бирæтæ.

Æцæг ирон зæрдæ йæ риуы кæмæн тæлфы, уыцы артисткæ архайдта аив зæл, фæлмæн хъæлæсы зард æмæ ахастæй алкæй дæр батавын, цæмæй иучысыл залыуæвæг адæм баулæфой, ныртæккæйы зын царды уавæрты сæ сæ маст айрох уа.

— Адæм дæ уарзынц, æмæ уый амонды хос у. Уыдон дæ зæрдæмæ æввахс сты, дæ зæрдæйыл ныхæст... Дæхимæ та куыд кæсы, Аллæ?!

— Æз æнæ адæм ничи дæн... Сæ фæрцы схызтæн аивады бæрзæндмæ, уыдон мын сты царды мæ дæсныдзинадæн аргъæндæджытæ, сæйрагдæр сæ фæрцы сдæн, цы дæн, уый — адæмон! Æз иунæгæй ницы сарæзтаин...

— Тырнынад адæймаджы хорз миниуæг у! Цæмæ тырны Аллæ?!

— Мæн фæнды нæ адæмæн рухсдзинад æмæ рæсугъддзинад хæссын, алы адæмты æнгомдæр, уарзондæр кæнын. Кавказы цы бирæ адæмыхæттытæ ис, уыдон кæрæдзимæ æнгом куы уой, уæд мах, Кавказ, Зæххы къорийыл у цæстæвæрд ран æмæ нæм иууылдæр хæлæг кæнынц. Нæ тых нæ иудзинады ис. Хъæздыг — нæ æрдз, нæ адæм удыхъæдæй — рæдау, цæстуарзон, рæсугъд, уæдæ нæ аивады тых та — кавказаг адæмты æнгомгæнæг! Иунæгæй цæрæн нæй иу адæмыхаттæн дæр. Иумæ куы уæм, уæд æгас Кавказы ном дæр нæрдзæн дардыл йæ кад æмæ намысæй. Абон дæр нæм æрбацыдысты уазджытæ кон-

цертмæ Магасаей. Иннæ хæттыты дæр мæм концерттæм æрбацæуынц, уыдысты Кæсæгæй, Абхазæй, æмæ мын уый вæййы уæлдай æхсызгон.

— Зындгонд ирон фыссæг Гуыцмæзты Алеш афтæ фыста: "О, Хуыцау, цыфæнды бæстæйы дæр мæ балцы фæндараст кæнæд ирон зарæг, ирон лæппутæ йæ куыд зарой, ирæттæ йæм куыд хъусой". Аллæ, дæу дæр фæцис зарæджы хорзæх...

— Ирон адæм афтæ суæнт, æмæ сæм зарæгахастæй хайджын хæлар артисттæ: **Гуыбиаты Эльбрус, Дауыраты Эдуард, Джимиты Артур, Сидахъаты Азæмæт, Будайчиты Сухраб, Илурты Риммæ, Сечъынаты Илитæ, Баскаты Зæлинæ;** хъуыстгонд дæсны фæндырдзæгъддзытæ **Золойты Беллæ** æмæ **Кокойты Аллæ**.

Уыдонимæ концертон программæ барæсугъд кодтой кæфтыты ансамбл "Сæрмæт" — йæ аивадон разамонæг **Гугкаты Эдуард**, ансамбл "Æртхурон" — йæ аивадон разамонæг **Бестауты Гиви**, ансамбл "Солнце Алании" — йæ аивадон разамонæг **Джабиты Рустам.** Ерысы цырен кафтæй адæм сæ цæст æрæвæрдтой ансамбл "Амонд"-ы архайджытæ **Гæззаты Давид** æмæ **Саулохты Дианæйыл**.

Адæмы зæрдæмæ тынг фæцыд концертон программæ йæ хъæздыгдзинад, ахадындзинадæй, сæйрагдæр та — зарæггæнæг Хадыхъаты Аллæйы æвæлмæцгæ зæрдиаг архайд, йæ зард, йæ уарзон ахаст концертдзаутимæ. Алчидæр сæ уыцы изæр "Металлургты галуанæй" йемæ ахаста зарæджы рухс, зæрдæйы тæмæн æмæ уды хъарм сæ бинонтæм... Се 'ппæт дæр сæ хæдзæрттæм цыдысты райгæйæ, æхсызгон æмæ цины æнкъарæнтимæ.

Дуне, нæ бæстæ сабыр уæд æмæ дзыллæтæ цардæй бафсæдæнт!

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

Цæстдард

Гæрæнтæ аиуварс кæнынæн

Бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ зæххы закъонæвæрынад куыд æххæст кæнынц, Æрыдоны районы прокуратурæ уый сбæлвырд кодта.

Куыд рабæрæг, афтæмæй, 75,7 мин квадратон метры кæй фæзуат у, спортивон комплекс саразынæн 2010 азы Æрыдоны районы администраци æмæ æнæххæст бæрндзинады æхсæнад горæт Æрыдоныл цæуæг цæугæдон Тæргайдоны былгæрæтты уæвæг ахæм зæххы хай 2059 азы æмгъуыдмæ хаццоны райсыны фæдыл бадзырд сфидар кодтой.

2019 азы Стъараполы крайы 16-æм Арбитражон апелляцион тæрхондоны уынаффæйы бындурыл амынд бадзырд хицæнгонд æрцыд.

Уыимæ, зæххы хайы уавæр бæлвырд кæнгæйæ, прокуратурæйы кусджытæ куыд раргом кодтой, афтæмæй зæххы хаймæ хауæг донхъахъхъæнæг тæлммæ хауынц бæлæгъты къанау æмæ рауатмæ æрцæуæг бассейн. Ацы бассейны бинаг хай сæвзæр, æддагон æууæлты ахадындзинады аххосæй æфсæнбетон къæйты уæлцъар хъыгдард баййæфта, къæйты æхсæн хæмпæл рæзы.

Ныртæккæ национ проект "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг уавæртæ" æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ Тæргайдонмæ 'ввахс амынд зæххы хай аив кæнынц, æмæ афтæмæй бассейн æмæ бæлæгъты къанауæй дарддæр пайда кæныны, стæй программæйы амынд мадзæлттæ æххæст кæныны фадат уыдзæн.

Районы прокурор Æрыдоны администрацийы сæргълæууæгæн бафæдзæхста закъоны æргомгонд хæлдтытæ аиуварс кæнын.

Прокуророн дзуаппы актыл æрныхас кæнгæйæ, администраци республикæйы Арбитражон тæрхондонмæ кæй барвыста, уыцы куырдиаты фыст ис: "Бассейн æмæ æвæрд объекттæ райхалгæйæ, æнæххæст бæрндзинады æхсæнад Тæргайдонмæ 'ввахс зæххы хайæ пайда кæныннæн гæрæнтæ аиуварс кæндзæн".

Аиппытæ куыд иуварс кæнынц, районы прокуратурæ уымæ цæст дары.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хиуæттæн, УФ-йы Фысджытæ æмæ Журналисты цæдисты уæнг

СОТТИТЫ
Нестъоры чызг Риммæ
кæй амард, уый фæдыл.

Номыры радгæс редактор — **Тохсырты Къоста.**
Номырыл бæрнон — **Сланты Аслан.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон раугъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3400.
Заказ № 748.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru